दिन–रविवार दिनांक–02.03.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

वित्त वर्ष दू हजार पच्चीस–छब्बीसक लेल राज्यक आम बजट काल्हि प्रस्तुत कयल जायत। उपमुख्यमंत्री सह वित्त मंत्री सम्राट चौधरी विधानसभा मे बजट प्रस्तुत करताह। एहि सँ पहिने बजट सत्रक पहिल दिन अठाईस फरवरी के वित्तीय वर्ष दू हजार चौबीस–पच्चीसक आर्थिक सर्वेक्षण रिपोर्ट प्रस्तुत कयल जायत। जाहि मे राज्यक उत्तम आर्थिक विकास दर के देखाओल गेल अछि। ओतहि चारि मार्च के राज्यपालक अभिभाषण पर चर्चा आ सरकारक उत्तर होयत। पांच मार्च के बजट पर सामान्य विमर्श होयत। छओ मार्च के बजट पर सामान्य विमर्श के संगहि सरकारक उत्तर सेहो होयत। अठाईस मार्च धरि चलऽवला एहि सत्र मे कुल बीस बैसक होयत।

---

उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि अछि जे केन्द्रक मोदी सरकार राज्यक तेजी सँ विकासक लेल प्रतिबद्ध अछि। श्री चौधरी आइ सोशल मीडिया पोस्ट पर कहलनि जे एनडीए के डबल इंजन सरकारक दिस सँ राज्य मे लगातार सड़कक निर्माण कराओल जा रहल अछि। श्री चौधरी कहलनि जे सरकारक लक्ष्य अछि जे दू हजार अठाईस धरि राज्यक कोनहुं ठाम सँ साढ़े तीन घंटा मे राजधानी पटना पहुंचल जा सकय।

---

राजदक वरिष्ठ नेता आ पूर्व उपमुख्यमंत्री तेजस्वी यादव बजट मे दिव्यांग, वृद्ध आ विधवा पेंशन के बढ़ेबाक सरकार सँ मांग कयलनि अछि। आइ पटना मे संवादाता लोकनि सँ वार्ता करैत श्री यादव कहलनि जे सरकार के बजट मे महिला लोकनिक कल्याणक लेल आवंटित राशि मे वृद्धि करबाक चाही।

—————————————————————

राजदक वरिष्ठ नेता आ पूर्व उपमुख्यमंत्री तेजस्वी यादव बजट मे दिव्यांग, वृद्ध आ विधवा पेंशन के बढ़ेबाक सरकार सँ मांग कयलनि अछि। आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत श्री यादव कहलनि जे सरकार के बजट मे महिला लोकनिक कल्याणक लेल आवंटित राशि मे वृद्धि करबाक चाही।

—————————————————————

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह दावा कयलनि अछि जे एनडीए पूर्णरूपेण एकजुट अछि। श्री सिंह गया मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत कहलनि जे बिहारक जनता आब राष्ट्रीय जनता दल के नकारि चुकल अछि। विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव के आलोचना करैत ओ कहलनि जे आब बिहारक मतदाता जंगलराजक वापसी नहि होबऽ देताह। श्री सिंह कहलनि जे राज्यक लोकसभ के नीतीश कुमारक नेतृत्व मे भऽ रहल विकास पर भरोसा अछि।

—————————————————————

भाजपाक वरष्ठि नेता आ बेतिया सांसद संजय जायसवाल कहलनि अछि जे सामाजिक न्याय आ अधिकारिता मंत्रालय दिव्यांग आ वृद्ध लोकनिक मददि के लेल तत्परता सँ काज कऽ रहल अछि। श्री जायसवाल आजू बेतिया मे जनौलनि जे चनपटिया, बैरिया आ बेतिया प्रखंड मे छओ सँ आठ मार्च के मध्य एलिमको संस्थाक दिस सँ आयोजित कैंप मे दिव्यांग आ वृद्ध जन के मध्य सहायक उपकरणक निःशुल्क वितरण कयल जायत।

—————————————————————

भागलपुर के सुल्लतानगंज मे प्रस्तावित ग्रीन फील्ड एयरपोर्ट के निर्माणक मार्ग प्रशस्त भऽ गेल अछि। एहि संबंध मे वायुयान संगठन निदेशालयक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस.सिद्धार्थ भारतीय विमान पत्तन प्राधिकरण के बिहार सरकारक दिस सँ पत्र पठाओल गेल अछि। एहि प्रस्ताव पर आब केन्द्र सरकारक स्वीकृति के बाद निर्माण काज शुरू भऽ जायत। आठ सय पचपन एकड़ भूमि मे बनऽबला एहि ग्रीन फील्ड एयरपोर्टक निर्माण सँ बिहार के विकास के मजगूती भेटत।

——————————————————————

कंग्रेसक बिहार प्रभारी कृष्णा अल्लावरू पार्टी नेता लोकनि के अगिला विधानसभा के देखैत जनाधार बला नेता लोकनि के आगां बढ़ेबाक लेल कहलनि अछि। ओ स्पष्ट करैत कहलनि जे कांग्रेस आब बी टीम बनि कऽ नहि अपितु ए टीम बनि कऽ चुनावी मैदान मे उतरत।

——————————————————————

पटनाक श्री कृष्ण मेमोरियल हॉल मे आइ एक समाजिक सम्मेलनक आयोजन कयल गेल। एकर उद्घाटन केन्द्रीय राज्य मंत्री तोखन साहु आ छत्तीसगढ़ के उपमुख्यमंत्री अरूण साव संयुक्त रूप सँ कयलनि। एहि सम्मेलन मे भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल सहित पार्टीक कतेको वरिष्ठ नेता उपस्थित छलाह।

——————————————————————

पटना के जिलाधिकारी डॉक्टर चंद्रशेखर सिंह कहलनि अछि जे जे.पी गंगा पथक विस्तार पर लगभग साढ़े सात हजार करोड़ टाका सँ बेसीक राशि खर्च होयत। एखन वर्तमान लंबाई साढ़े बीस किलोमीटर सँ बढ़ि कऽ एक सय बियालीस किलोमीटर भऽ जायत। एकर विस्तार कोईलबर के वीर कुंवर सिंह सेतु आ पूरब मे मोकामा धरि कयल जायत। डॉक्टर सिंह कहलनि जे पटना जिला मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक प्रगति यात्रा के दरमियान लगभग एक खरब टाकाक बत्तीस योजना सभ के स्वीकृत देल गेल अछि।

——————————————————————

पछिला चौबीस घंटा मे राज्यक उत्तर–पश्चिम, दक्षिण–पूर्व आ मध्य भाग मे किछु ठाम हल्का बर्षा दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार आइ किशनगंज आ वाल्मिकीनगर मे सभ सँ कम न्यूनतम तापमान चौदह डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल। विभागक अनुसार अगिला दू दिनक बाद राज्यक कतेको भागक उच्चतम तापमान मे वृद्धि भऽ सकैत अछि।

————————————————————————

रमजानक पावनि मास आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि। मुस्लिम समुदाय के लोक सभ पहिल रोजा राखलनि अछि। एहि सँ पहिने काल्हि चाँद दृष्टिगत भेलाक बाद राजधानी पटना सहित विभिन्न मस्जिद सभ मे तरावही के नमाज शुरू भऽ गेल।

————————————————————————

समाप्त